ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№136 (23.044) ● 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гъущlапщэ Хь. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етыным и lуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етын **Гъущlапщэ Хьэсанш Хьэжумар и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я lуэхухэмкlэ управленэм мылъку-техникэ, хозяйствэ къызэгъэпэщыныгъэмкlэ и департаментым и унафэщlым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м*
*№98-УГ*

Бахъсэн районым щыщ Ислъэмей къуажэм и щlыналъэм щыщ lыхьэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) щыгъэувыным и lуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн районым щыщ Ислъэмей къуажэм унагъуэ псэущхьэм хьэщхьэрыlуэ уз къыщеуэлlауэ наlуэ къызэращlам къыхэкlыу, «Ветеринарием и lуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м ипкъ иткlэ икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщlым 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къигъэхьа тхыгъэ №38/УВ-442-м тету, хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдын мурадкlэ:

1. Бахъсэн районым щыщ Ислъэмей къуажэм и щlыналъэм щыщу Эльбрус, Красноармейскэ уэрамхэмрэ Шыбзыхъуэм и цlэр зезыхьэ уэрамдэкlымрэ я къэухьым къриубыдэ lыхьэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 и пlалъэу.

2. Карантиным и зэманым къриубыдэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кърашыну, апхуэдэу а щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр щащэну хуит ящlыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдыным хуэунэтlа lуэхухэр Бахъсэн муниципальнэ районым и щlыналъэ администрацэм щlыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщlэну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт lэ щыщlэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м*
*№75-РГ*

# КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Федеральнэ казначействэм и унафэщI Артюхин Р. Е. хуэзащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Федеральнэ казначействэм и унафэщI, лэжьыгъэ lуэхукlэ ди щlыналъэм къэкlуа Артюхин Роман.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ бюджет ахъшэр зэгъэзэхуэным, бюджет зэхуаку субсидиехэр къызэраутlыпщ щlыкlэм, ахъшэр зегъэкlуэнымкlэ иджырей технологиехэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыналъэм къыщыгъэсэбэпыным. Шэджагъуэ нэужьым КIуэкIуэ Юрийрэ Артюхин Романрэ хэтащ Федеральнэ казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и хэщlапlэ унэщlэ къызэрызэlуахым теухуа дауэдапщэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-lуэхущlапlэ.*



# УнэщIэр къызэIуахащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысейм и казначействэм и унафэщI Артюхин Романрэ дыгъуасэ къызэlуахащ Федеральнэ казначействэм и lуэхущlапlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унэщlэр.**

КЪАТИТХУУ зэтет ухуэныгъэм хьэщlэмрэ бысымхэмрэ набдзэгубдзаплъэу зыщаплъыхьащ икlи къыхагъэщащ унэр иджырей мардэм тету, иужьрейуэ къежьа Iэмалхэр къыщыгъэсэбэпауэ зэраухуар.

КъБР-м и Казначействэм и унэщlэр Налшык къалэ Кlыщокъуэм и цlэр зезыхьэ уэрамым хуэзэу зэфlагъэуващ, и инагъкlэ метр зэбгъузэнатlэ мини 4 еубыд. Ухуэныгъэм сом мелуан 200 текlуэдащ. Абы хэтщ lэщlагъэлlхэр щылэжьэну пэшхэм къищынэмыщlауэ, конференц пэшхэри, шхапlэри, нэгъуэщlхэри. Унэщlэм и гупэр зэlузэпэщщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы зэманым КъБР-м и Казначействэм Iэщlагъэлlи 150-рэ зэрыщылажьэр. КIуэкIуэ Юрийрэ Артюхин Романрэ псори къаплъыхьа нэужь, абыхэм яхуэзащ икlи я упщlэхэм жэуап иратащ.

Федеральнэ казначействэм и унафэщlыр журналистхэм щепсалъэм къыхигъэщащ lуэхущlапlэр къызэlуихыну Iэмал зэриlар зэригуапэр, зыхуей хуэзауэ яухуа унэщlэм дяпэкlэ Iэщlагъэлlхэр нэхъ гушхуауэ, я къару емыблэжу щылэжьэну и фlэщ зэрыхъур. «Илъэс къэс Урысейм и Казначействэм игъэзащlэ къалэнхэр нэхъ игъэбагъуэурэ макlуэ. Ахэр ехьэлlащ бюджет субсидиехэр зэрытт щlыкlэхэм, къэрал контрактхэр зэрыдэтlыгъымрэ ахэр зэрекlуэкl лэжьыгъэм дызэрыкlэлъыплъымрэ, нэгъуэщl куэдми. Къыхэзгъэщынут КъБР-м щыlэ къудамэр лэжьыгъэхэм сыт щыгъуи хъарзынэу пэлъэщу зэрыщытыр», - жиlащ Артюхиным.



- Гурыlуэгъуэщ зэгъусэу уздэмылажьэмэ, зым и закъуэкlэ, ар lуэхущlапlэ гуэр ирехъу, щlыналъэм и lуэхуу щрырети, зэрызимыужьыфынур, - пищащ Артюхин Роман и псалъэм КIуэкIуэ Юрий. - Унэщlэ къызэlуттхар и щыхьэтщ Урысейм и Казначействэм къэралым и щlыналъэхэм щиlэ lуэхущlапlэхэм и нэlэ зэратригъэтыр. Абы къыхэкlыу, ди зэlущlэр къэзгъэсэбэпу сэ фlыщlэ хуэсщlыну сыхуейт Iэнатlэм и унафэщl Артюхин Роман. Уегупсысмэ, мы ухуэныгъэр республикэм дежкlэ тыгъэ лъапlэу плъытэ хъунущ, сыту жыпlэмэ, абы игъэзащlэ къалэнхэм къадэкlуэу, ди къалэм и теплъэри егъэдахэ. Иджыри зэ хьэкъ тщыхъуащ узэкъуэту улажьэмэ пхуэзэфlэмыгъэкlын lуэхугъуэ зэрыщымыlэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# «Урысей зэкъуэтым» псэупIэхэр егъэфIэкIуэным къыхуреджэ

**Партым и Совет Нэхъыщхьэм и президиумым и зэlущlэр видеоконференцым и хабзэхэм тету иригъэкlуэкlащ икlи абы хэтащ щlыналъэхэм я лlыкlуэхэри. Псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм щекlуэкl зэхъуэкlыныгъэхэмрэ абы ехьэлlауэ «Урысей зэкъуэтым» къыхилъхьа жэрдэмхэр зэрагъэзащlэмрэщ.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэlуихым «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь, Къэрал Думэм и вице-спикер Неверов Сергей жиlащ:

«Илъэс япэкlэ Челябинск къалэм щедгъэкlуэкlа видеоконференцым дэ къыщытlэтауэ щытащ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэр егъэфlэкlуэным пыщlа lуэхухэр. Абы лъандэрэ зэхъуэкlыныгъэ щхьэхуэхэр къэхъуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэми ныкъусаныгъэ инхэр щыlэщ. Апхуэдэхэм ящыщщ унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкlэ хабзэхэр тэмэму зэтеухуа зэрымыхъуар, унэ ныкъуэкъутэхэм щыпсэухэр къыщlэгъэlэпхъукlыныр хабзэ гуэрым тету зэрызэтрамыгъэувар». Апхуэдэу абы жиlащ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм щыlэ гугъуехьхэр дэгъэкlынымкlэ хэкlыпlэхэм хэплъэну фракцэхэм я советым къыщыхалъхьэну зэрамурадыр.

«Щэхуакlуэ набдзэгубдзаплъэм и школ» парт проектым и унафэщl Сидякин Александр къигъэлъэгъуащ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм щыlэ гугъуехьхэр зэман кlыхькlэ зэрызэтрихьар. «Мы Iэнатlэм зегъэужьыныр план пыухыкlам темыту илъэс куэдкlэ екlуэкlащ. Ауэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм теухуа зэlущlэшхуэр «Урысей зэкъуэтым» Челябинск щригъэкlуэкlа нэужь, Iэнатlэр егъэфlэкlуэным хуэгъэза закон зыбжанэ къащтащ. Абыхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ иlэу къэлъытапхъэщ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм лицензэхэр етыным теухуар. Иджы апхуэдэ компаниеу мин 12-м лэжьэну хуитыныгъэ зэраlэмкlэ лицензэхэр хуатхащ. Унэхэр зезыхьэ компаниехэм я унафэщlхэм я Iэщlагъэр здынэсыр къапщытащ. Абы къыхэкlыу дэ зыхэтщlэу хуежьащ законым къару пыухыкlа зэриlэр», - къыхигъэщхьэхукlащ Сидякин Александр. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и къэрал информацэ системэм теухуа законри тэмэму зэрылажьэр. А системэм и фlыщlэкlэ дэтхэнэ зы цlыхуми щыгъуазэ зещlыф фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ компаниехэм я лэжьэкlэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэныкъуэкlэ видеоконференцым хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и щlыналъэ зэхуаку зэзыгъэуlу советым и унафэщl, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Бозий Натбий, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ исполкомым и унафэщl Парафилов Дмитрий, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и къэрал комитетым я лlыкlуэхэр.

Зэlущlэр иуха нэужь, Щхьэгуэш Адэлбийрэ Бозий Натбийрэ республикэм псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и Iэнатlэм и лlыкlуэхэр къыхураджащ нэхъ зэкъуэту зэдэлэжьэну. Абыхэм мы lуэхур игъуэу къызэраlэтар, Iэнатlэр егъэфlэкlуэнымкlэ апхуэдэ псалъэмакъыр сэбэп хъуну зэрыщыгугъыр жаlащ.

**ПЕЧОНОВ Владилен,**
*«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и пресс-секретарь.*







# КъуажитIыр зэпызыщIэ гъуэгум йолэжь

**Къэрал контрактым ипкъ иткlэ иджыпсту лэжьыгъэшхуэ щокlуэкl Каменномост, Хьэбэз къуажэхэр зэпызыщlэ, щlыналъэ мыхьэнэ зиlэ автомобиль гъуэгум.**

«Мостстрой-1» lуэхущlапlэм щlидзауэ асфальт трелъхьэ километр 11,5-рэ зи кlыхьагъ гъуэгум. Ягъэхьэзыра проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкlэ, а лэжьыгъэхэм хиубыдэу къуажитlми лъэс зекlуапlэхэр щащlынущ, гъуэгубгъум дэкlуэу зыхуэфащэ дамыгъэхэр щагъэувынущ. Гъуэгур хьэзыр ящlу дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм къызэlуахыну я мурадщ.

*КъБР-м Гъуэгу хозяйствэмкlэ и управленэм и пресс-lуэхущlапlэ.*

# Ди щIыналъэхэм

## Жыг гъэкIыным зратыж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэр къэгъэщlэрэщlэжыным теухуа программэр зэрыlуэжьыфlэр нэрылъагъуу, жыг гъэкlыным зезытахэм я lуэхур йофlакlуэ, бэджэндырылажьэ куэдым мыlэрысейхэр, къыпцlейхэр, кхъужьейхэр, балиейхэр хасэ.**

ТЕРЕКСКЭ жылагъуэм Хьаний Алим ейуэ щыlэ мэкъумэш-фермер lуэхущlапlэм балий lэрысэу гектарий хисауэ, абы йолэжь. Иджыпсту абы иlэщ «Краснодарскэ», «Украинскэ», ди щlыпlэм игъащlэ лъандэрэ къыщыкl лlэужьыгъуэхэр. 2008 гъэм хиса жыгхэм япэу къащыпыкlар мы гъэращ икlи зы гектарым хуэзэу тонни 2 къыпачащ. Балий lэрысэр щэнми гугъу дехьакъым - Ингушым, Осетие Ищхъэрэм къикlыурэ ящэхуащ.

Хьаниймрэ и мурадщ балиейуэ иджыри гектари 10 а иlэм къыхигъэхъуэну. Псом ящхьэращи, Джылахъстэнейм и тафэхэр балиейм йозэгъ, узыфэхэри нэхъ къемыуалlэу къызэтонэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**
*Тэрч*

## ХьэрычэтыщIэхэм ядэIэпыкъунущ

**Бахъсэн къалэм къыщызэlуахащ агропромышленнэ хьэрычэтыщlэ lуэхухэмкlэ инкубатор. Фокlадэ мазэм къыщыщlэдзауэ абы щрагъэкlуэкlынущ бизнесым и унэтlыныгъэ нэхъыщхьэхэм хуэунэтlа дерсхэр.**

ИНКУБАТОРЫМ и Iэщlагъэлl Къаздэхъу Марат щыгъуазэ дызэрищlамкlэ, инкубаторым и lуэхутхьэбзэ хуэныкъуэу закъыхуэзыгъазэхэр щlагъэджыкlынущ цlыхум къыхиха лэжьыгъэм фейдэ къызэрыхихыну щlыкlэмрэ ар зыхуэдизынумрэ, бизнесым и ухуэкlэ мардэхэм, хьэрычэтыщlэхэр зрихьэлlэ лъэпощхьэпохэмрэ абыхэм уазэрыпэщlэтыну Iэмалхэмрэ, мы зэманым нэхъ фейдэ къызыпэкlуэнум, нэгъуэщlхэми.

«Дэ диlэщ иджырей мардэхэм сыткlи къезэгъ лабораторэхэр. Апхуэдэу ди республикэм итыр зэкъуэтlакъуэххэщ», - къыхигъэщащ Къаздэхъум.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**
*Бахъсэн*




## Саугъэтыр хуэфащэу къалъытэ

**Ираным нэгъуэщl къэрал lуэхухэмкlэ и министр Зариф Джавадрэ США-м и Къэрал секретарь Керри Джонрэ Нобель и саугъэтыр 2016 гъэм яхуэбгъэфащэ хъуну къилъытэри, абыхэм я кандидатурэхэр къигъэлъэгъуащ Дунейм къыщекlуэкlхэм якlэлъыплъ щlэныгъэ-къэхутакlуэ институту Стокгольм дэтым.**

Ядернэ Iэщэм теухуауэ илъэс куэд хъуауэ Ираныр зыхэт гугъуехьхэр зэфlэхыным хуэунэтlауэ абырэ «къэралихымрэ» (Урысейм, США-м, Китайм, Инджылызым, Франджым, Германием) зэгурыlуэныгъэ зэращlылlэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащlащ Джавадрэ Керрирэ.

Iэщэр гъэмэщlэнымкlэ, абы земыгъэубгъунымкlэ программэм и унафэщl Рауф Тарик къызэрилъытэмкlэ, а зэгурыlуэныгъэм Ираным Iэмал къритынущ къыхуагъэува мардэ ткlийхэр щхьэщахыжынымкlэ, абы и цlыхухэм дяпэкlэ мамыру псэунымкlэ, заужьынымкlэ. «Иужьрей илъэс тlощlым дунейм къыщыхъуа нэхъ lуэхушхуэ дыдэщ ар, къэрал куэдым я дежкlи мыхьэнэшхуэ иlэу», - жиlащ Рауф.

## Освенцимым зэрыщылэжьам щхьэкIэ

**Етlуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Освенцим гъэрэщым бухгалтеру щылэжьа Гренинг Оскар и суд ящlащ дыгъуасэ. Абыи и зэран хэлъу къалъытащ цlыху мин 300 зэраукlам.**

Гренинг илъэсиплlкlэ тутнакъэщым исыну тралъхьащ. Езым зыри имыукlами, судым къилъытащ гъэрыпlэ ихуахэм къытраха ахъшэхэр зэрибжам, зэрызэригъэзэхуам, нацистхэм я политикэр пхыгъэкlыным зэрытелэжьам щхьэкlэ абы жэуап ихьын хуейуэ.

Илъэс 94-рэ зи ныбжь Гренинг и lуэхум хэплъэн щlадзат мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм. Ягъэкъуаншэм зыкъиумысыжащ Освенцимым щалэжьхэр и нэгу зэрыщlэкlамкlэ, абы езыр щlэбгъэкъуаншэ хъун хэлъу къызэрилъытэри жиlащ.

СС-м хэтахэм ящыщу Гренинг и закъуэщ ищlахэр зыlуэтэжыр. Абы илъэгъуащ гъэрэщым и хьэкухэри, сабийхэр зэраукlари, ауэ а псори «захуагъэу» къилъытэу щытащ.

«Сэ злэжьахэр къысхуигъэгъуну тхьэм селъэlун къудейрщ къысхуэнэжыр, си зэранкlэ хэкlуэдахэм сэбэп сахуэхъужыфыну Iэмал сиlэжкъыми», - жиlащ Гренинг.

## НОБЭ

♦**Украинэм щагъэлъапlэ бухгалтерым и махуэр**

♦622 гъэр Муслъымэн махуэгъэпсым и щlэдзапlэщ. Ислъамым и къежьапlэу къалъытэ. Мухьэмэд Бегъымбарыр Мэчэм икlри Мэдинэ кlуащ.

♦1790 гъэм США-м и Конгрессым унафэ къищтащ къэралым и къалащхьэщlэр - Вашингтон - щаухуэну щlы хухэхыным теухуауэ.

♦1945 гъэм США-м и Тринити полигоным дунейм щыяпэу атомнэ бомбэ къыщагъэуащ. А гъэ дыдэм Америкэм а Iэщэ шынагъуэр щридзыхащ Японием и Хиросимэ (шыщхьэуlум и 6-м), Нагасаки (шыщхьэуlум и 9-м) къалэхэм.

♦1965 гъэм къызэlуахащ Къухьэпlэ Европэм щынэхъ лъагэ Монблан бгым кlуэцlрыкl гъуэгур. Абы зэпищlащ Франджым и Шамони, Италием и Курмайор къалэхэр.

♦1990 гъэм Украинэ ССР-м и Радэ Нэхъыщхьэм Украинэр зыми и унафэ щlэмытыным теухуа Декларацэр къищтащ.

♦Тхакlуэ **КIэрэф Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкlэ и мастер, къэралым щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Къуэдзокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Искусствоведенэм и доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

**Мыхьэжэф и щхьэлыкъуэкI къопкI.**

**ЩІы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІауэ адрей лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и Іуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №101-ПП*

Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и ІуэхукІэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 13-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. «Эльбрус-Безенги» экономикэ щІыналъэ хэхам зегъэубгъун мурадкІэ щІы гъэтІылъыгъэхэм я лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІауэ хэхауэ яхъумэ щІыпІэхэм я лІэужьыгъуэм хэгъэхьэн псори зэхэту гектар 200,0 хъу щІы Іыхьэр, 07:02:3800000:1, Дзэлыкъуэ муниципальнэ район, «Балъкъ Ипщэ» хъупІэ адресыр зиІэр.

2. «Мылъкур къэралым егъэтхынымкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ІэнатІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым теухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м Налшык къалэ №127-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа унафэ №185-ПП-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

8.15-нэ пункт къуэдзэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«8.15) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ программэм тету фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм хиубыдэу лажьэ медицинэ ІуэхущІапІэхэм я реестрыр етх;»;

8.18-нэ пункт къуэдзэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«8.18) фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм хиубыдэу лэжьэну ІэщІагъэлІхэр егъэджэныр, абыхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэныр къызэрегъэпэщ.».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэщ лъэпкъыфІхэр щызыгъэхъу мэкъумэшыщІэхэм зэрызыщІагъакъуэ субсидиехэр зэрат Хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м Налшык къалэ №129-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэщ лъэпкъыфІхэр щызыгъэхъу мэкъумэшыщІэхэм зэрызыщІагъакъуэ субсидиехэр зэрат Хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м къыдигъэкІа унафэ №102-ПП-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 5-нэ пункт дэщІыгъуэжын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«5. Мы хабзэхэм я пункт 4-м къыщыгъэлъэгъуа документхэр «Къэрал, (е) муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр къэрагъэщІэн папщІэ зыхуей лъэІухэмрэ адрей документхэмрэ электрон теплъэ яІэу зэрагъэхьэзырым икІи зэратым и ІуэхукІэ «Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м къыдигъэкІа унафэ №553-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу мэкъумэш лэжьакІуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм игъэхь хъунущ электрон теплъэ иІэу, апхуэдэу:

зэраІэрыхьамкІэ хъыбар кърагъэщІэжын хуэдэу пощткІэ;

Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм (Іуэхухэм) я портал зэгуэтым ирилъхьэу (www.gosuslugi.ru).»;

2) пункт 12-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«12. Субсидиер къеІызыхым къалэн зыщещІыж отчет лъэхъэнэм къриубыдэу субсидием щыщу финанс илъэсым къимыгъэсэбэпу къэна Іыхьэм, субсидиехэр къеІыхынымкІэ зэгурыІуэныгъэхэм (договорхэм) къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, а финанс илъэсым иригъэгъэзэжыну.»;

3) пунктхэу 13-рэ 14-рэ дэщІыгъуэжын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«13. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къулыкъу щызыІыгъхэм я унафэхэм, абыхэм ялэжьхэм (ямылэжьу къанэхэм) ятеухуауэ щыІэ хабзэхэм тету тхьэусыхэж хъунущ.

14. Субсидиехэр зратахэм ахъшэр мы Хабзэхэм къыщыгъэлъэгъуа мурадхэм хуэгъэзауэ икІи яубзыхуа хабзэхэм тету къызэрагъэсэбэпым езыхэм я полномочиехэу иджырей законодательствэм щыубзыхуахэм къриубыдэу кІэлъыплъыну я пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерстсвэм, апхуэдэу къэрал финанс кІэлъыплъыныгъэмкІэ органхэм.».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

**ЩІы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІауэ адрей лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №130-ПП*

Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и ІуэхукІэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 13-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. МэкъумэшщІапІэу къагъэсэбэп щІы лІэужьыгъуэхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм папщІэ щІыхэм, космосым пыщІа Іуэхухэр къызэгъэпэщынымкІэ щІыхэм, зыхъумэжыныгъэ Іуэхухэм, шынагъуэншагъэм хиубыдэ щІыхэм, нэгъуэщІ мурад хэхахэмкІэ къагъэсэбэп щІыхэм я лІэужьыгъуэхэм хэгъэхьэн:

а) аэродром яухуэн папщІэ щІы Іыхьэхэу гектари 9,9262-рэ, гектар 5,2666-рэ хъухэр, абыхэм ящыщу хъупІэу гектари 9, 9262-рэ, вапІэу гектари 5,2666-рэ, кадастр номерхэу 07:01:2600000:692, 07:01:2600000:693 зиІэхэр, Бахъсэненкэ къуажэ жылагъуэм хиубыдэхэр;

б) автомашинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахъуэ станц яухуэн папщІэ гектар 0,25-рэ хъу щІы Іыхьэр, абы щыщу вапІэу гектар 0,25-рэ, кадастр номер 07:01:2200000:992-рэ зиІэр, Ислъэмей къуажэ жылагъуэм и щІыналъэм хиубыдэр.

2. «Мылъкур къэралым егъэтхынымкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ІэнатІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

**ЩІы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІауэ адрей лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №131-ПП*

Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы лІэужьыгъуэм къыхэгъэкІырэ нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и ІуэхукІэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 13-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Рекреацэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІын папщІэ мэкъумэшщІапІэу къагъэсэбэп щІы лІэужьыгъуэхэм къыхэгъэкІауэ хэхауэ яхъумэ щІы лІэужьыгъуэхэм хэгъэхьэн Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыщ Эльбрус къуажэ жылагъуэм и мылъкум хиубыдэ щІы Іыхьэр, псори зэхэту гектари 4,1004-рэ хъур, кадастр номер 07:11:1500000:317-рэ зиІэр, Эльбрус къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэр.

2. «Мылъкур къэралым егъэтхынымкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ІэнатІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

**ЩІы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхыгъэкІар адрей лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №132-ПП*

Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэхэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІауэу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и ІуэхукІэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 13-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Автодром щащІын папщІэ мэкъумэшщІапІэу къагъэсэбэп щІы лІэужьыгъуэхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм папщІэ щІыхэм, космосым пыщІа лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкІэ щІыхэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъуэншагъэм ехьэлІауэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мыхьэнэ хэха зиІэ щІыхэм яхэгъэхьэн гектар 51,0293-рэ хъу щІы Іыхьэр, абы щыщу хъупІэу гектар 51,0293-рэ, кадастр номер 07:07:3600000:794-рэ зиІэр, Аруан къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэр.

2. «Мылъкур къэралым егъэтхынымкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ІэнатІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м Налшык къалэ №429-рп*

«Нықъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэм ди къэралри зэрыхыхьам къыхэкІыу Урысей Федерацэм нықъуэдыкъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къащта Федеральнэ закон №419-ФЗ-м щыубзыхуа ІуэхущІапІэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ 2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыхуэфащэ Іэмалхэр къыщызэгъэпэщын, адрей цІыху псоми хуэдэу зыхуэфащэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ къагъэсэбэпынымкІэ нықъуэдыкъуэхэм зэран яхуэхъу лъэпощхьэпохэр гъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Нықъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщІэнымкІэ, ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр къахузэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэхэм я убзыхуакІуэм и къалэнхэр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт И. М.

2. Ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу щызэтегъэувэным зыхуэгъэхьэзырынымкІэ икІи ар къызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп (адэкІэ - ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп) къызэгъэпэщын.

3. Ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

4. Ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хуэгъэувын: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закону, къинэмыщІ хабзэ мардэу узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, лэжьыгъэм, социальнэ дэІэпыкъуныгъэм, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным, щэнхабзэм, транспорт Іуэхутхьэбзэм, связымрэ информацэмрэ, физкультурэмрэ спортымрэ, сатум, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, къалэухуэ политикэм ехьэлІахэр щІипщытыкІыжу игъэхьэзырыну:

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м ирихьэлІэу:

Нықъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэм ди къэралри зэрыхыхьам къыхэкІыу нықъуэдыкъуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным пыщІа ІуэхухэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр;

2015 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иджыпсту щыІэ ухуэныгъэхэр, ІуэхущІапІэхэр нықъуэдыкъуэхэм къызэрагъэсэбэпыр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я ІуэхукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэм и проектыр;

къэрал (муниципальнэ) Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ административнэ регламентхэм а Іуэхутхьэбзэхэр нықъуэдыкъуэхэм яхуэщІэнымкІэ Іэмалхэр къызэгъэпэщыным тещІыхьа Іуэхухэр хэгъэхьэнымкІэ хабзэ мардэхэм я проектхэр.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэу узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмрэ цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ, щэнхабзэм, транспорт Іуэхутхьэбзэм, связымрэ информацэмрэ, физкультурэмрэ спортымрэ, сатум, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, къалэухуэ политикэм ехьэлІа полномочиехэр зиІэхэм яхуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я унафэщІхэм я къуэдзэу Нықъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэр гъэзэщІэным, ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэхэр зэблэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ жэуап зыхьхэр яубзыхуну;

Зыхуэфащэ ІэнатІэхэм ехьэлІауэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ къагъэсэбэпынымкІэ нықъуэдыкъуэхэм яІэ Іэмалхэр зэхагъэкІын, «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр къыдэзыгъэкІ) гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и лъэныкъуэкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я ІуэхукІэ» 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ законым щыубзыхуа полномочиехэм тету иджыпсту щыІэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я планхэр зэхалъхьэн икІи ягъэзэщІэн папщІэ лэжьакІуэ гупхэр къызэрагъэпэщыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ яІэ Іэмалхэр ирагъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхухэм я проектым хигъэхьэн папщІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и унафэщІым зыхуэфащэ Іуэхугъуэхэр 2015 гъэм шыщхьэуІум и 15-м фІэмыкІыу иратыну.

6. ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм чэнджэщ етын:

муниципальнэ щІыналъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэу Нықъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ конвенцэр гъэзэщІэным, ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ къагъэсэбэпынымкІэ нықъуэдыкъуэхэм зыхуэфащэ Іэмалхэр къахузэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэблэгъэкІынымкІэ жэуап зыхьхэр яубзыхуну;

ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ щыІэ Іэмалхэр зыхуэдэр къапщытэн, муниципальнэ щІыналъэхэм иджыпсту щыІэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ лэжьакІуэ гупхэр къызэрагъэпэщыну;

щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуу «Урысей Федерацэм щІыпІэ унафэр зэрыщызекІуэр зэтегъэувэнымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм ятеухуауэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м щыубзыхуахэм япкъ иткІэ иджыпсту щыІэ ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къызэрагъэсэбэпыр егъэфІэкІуэнымкІэ лэжьыпхъэхэм я планхэр 2015 гъэм фокІадэм и 10-м фІэмыкІыу къащтэну.

7. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м къыдигъэкІа Унафэ №429-рп-мкІэ къищтащ*

### Ухуэныгъэхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэм къагъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу къыщызэгъэпэщынымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

**Шэт И. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и унафэщІщ)*

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр (*ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

**Абазэ Хь. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэр

**Бирюк А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэр

**Двуреченский А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и къуэдзэр

**Карчаевэ А. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэр

**Кирин А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэр

**Конаков Хь. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэр

**Расторгуев С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэр

**Этезов Р. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэр

● Унагъуэ

# Махуэшхуэр ягъэлъапІэу

**Бадзэуэгъуэм и 8-м республикэм и къалащхьэмрэ къуажэхэмрэ щагъэлъэпІащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и урысейпсо махуэр. Налшык къалэ и ЦІыхубзхэм я советым «ЦІыхубзыр - сабиигъуэ насыпыфІэм и быдапІэщ» проектым хыхьэу абы теухуа зэІущІэ гуапэ къызэригъэпэщащ.**



Уянаевэ Іэминатрэ Дыджэш Лидиерэ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМ я библиотекэм, Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэм, кърагъэблэгъат «Унагъуэ зэгурыІуэ - унагъуэ насыпыфІэ» зэпеуэхэм щытекІуахэр, агроуниверситетым, КъБКъУ-м и медицинэ, коммунально-ухуакІуэ колледжэхэм я студентхэр, школакІуэхэр, «Трудовая доблесть России» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Пенсионерхэм я союзым хэтхэр. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Налшык къалэм и цІыхубзхэм я Советым и унафэщІ **Дыджэш Лидие**.

Къызэхуэсахэм зрагъэцІыхуащ зи сабийхэр фІыуэ зыгъэса, пщІэшхуэ зыхуащІ зэщхьэгъусэхэр. КъызэгъэпэщакІуэхэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуа балигъхэми цІыкІухэми саугъэтхэр иратащ.

Зэхыхьэм кърагъэблэгъахэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ, унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Іэминат**.

Нэхъыжьхэми, щІалэгъуалэми, ныбжьыщІэхэми я гукъыдэжыр къаІэтащ къэзакъ уэрэдым и «Родник» хорым хэтхэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэхэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я зэфІэкІым зегъэужьынымкІэ и ІуэхущІапІэм и «Искорки» къэфакІуэ ансамблым.

- Мы зэІущІэр къыщІызэдгъэпэщар унагъуэм и лъапІэныгъэхэр хъумэн, адэ-анэмрэ къыбдалъхуахэмрэ, Іыхьлыхэр фІыуэ плъагъун зэрыхуейр иджыри зэ зэхахыну дыхуейти arащ. Унагъуэм къэралым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ - аращ жылагъуэм лъабжьэ хуэхъур, - къыхигъэщащ Дыджэшым.

**УАРДЭ Женя.**

*Сурэтхэр* **Толгуров Камал** *трихащ.*



● ІэщІагъэлІым и чэнджэщ

# Иджыри мэлхьэпІатІэм теухуауэ

**Урысейм Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм зэрыщатхамкІэ, мыгъэрей эпидлъэхъэнэм зэрыщІидзэ лъандэрэ мэлхьэпІатІэ зэдзэкъа цІыху 601-м зыхуагъэзащ щеІэзэ-щакІэлъыплъ ІэнатІэхэм. Абыхэм ящыщу 220-р сабийщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыхухъум Кърым геморрагие техьэгъуэ зэриІэр Псыхуабэ къалэм и апхуэдэ ІуэхущІапІэм и лабораторэм мэкъуауэгъуэкІуам къыщахутащ. Эпидемиологие къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, мэлхьэпІатІэр къыщедзэкъар Ставрополь щІыналъэрщ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫР Кърым геморрагие техьэгъуэр зыхуэлъэ щІыпІэщ. НэгъуэщІым и ІэпкълъэпкъыМ щыпсэу мэлхьэпІатІэ лІэужьыгъуэхэр вирусзехьэщ. Абы къыхэкІыу, ККГЛ вирусым антиген молекулэу хэтыр къахутэн мурадкІэ, республикэм и щІыналъэм Кърым геморрагие техьэгъуэм щыкІэлъоплъ. Нобэ ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэ 696-м къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абы и лъэныкъуэкІэ эпидемиологие щытыкІэр щІагъуэкъым.

Эпидлъэхъэнэм къриубыдэу мэлхьэпІатІэхэр цІыху куэдым йодзакъэ. Ар республикэм и щІыпІэ псоми щынэрылъагъущ. Мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэ пщІондэ мэлхьэпІатІэхэр жыджэрщ, накъыгъэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм хуабжьу мэятэ.

МэлхьэпІатІэ дзэкъапІэм уз зэрыцІалэ къишэнкІэ хъунущ. Ахэр нэхъыбэу удзыпцІэхэм хэсщ, чыцэхэми тесщ. ЦІыхум и щІыфэ пцІанэм щІагъуэу еныкъуэкъуркъым, щыгъын щІагъым макІуэри, фэм зыхеукІэ. Зыхэпщхьэну щІыпІэр зэманыфІкІэ - ику иту дакъикъэ 30-кІэ - къалъыхъуэри, лъым ефэн щІамыдзэ щІыкІэ къыпхуэгъуэтынущ.

Фи ІэпкълъэпкъыМ мэлхьэпІатІэ хыхьауэ гу лъыфтэмэ, икІэщІыпІэкІэ дохутырым зыхуэвгъазэ. ФеужьэрэкІмэ, лъым вирусу нэсынур мащІэщ. ЗэпымыуэУ лажьэ травпунктым е фпэгъунэгъу поликлиникэм хирургиемкІэ и пэшым фыкІуэмэ нэхъыфІщ. Апхуэдэ Іэмал щымыІэмэ, мэлхьэпІатІэр фэ езым къыхэфхыжын хуейщ. Абы папщІэ, «Ручка-лассо», «Клещевёрт» Іэмэпсымэ хэхахэр къэвгъэсэбэпмэ нэхъ тыншщ. Ахэр фимыІэмэ, ІуданэкІи къыхэпчыж хъунущ. Фэм хыхьа и пэнцІывыр къиубыду зэрывдзи, вгъэзэ-вгъэхъей щІыкІэу, ищхьэмкІэ фыщекъу. Пинцет пэ пІащІэ цІыкІури къэвгъэсэбэп, апхуэдэу мэлхьэпІатІэм и пэнцІывыр фэ ІэлъэкІэ фубыди, вгъэхъейуэрэ къыхэфхыж. Абы щыщ къыхэбнэмэ, е екІуэнкІэ хъунущ. Къыхэфчыжа мэлхьэпІатІэр, бжьэхуц псыф тІэкІу щІыгъуу банкІым ифлъхьи, КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемкІэ и центрым фхьы, зыщыщ лІэужьыгъуэр ягъэбелджылын, ККГЛ вирусыр зыхуэдизыр лабораторэм къыщахутэн папщІэ *(Налшык къалэ, Байсултановым и цІэр зезыхьэ уэрам, 33, телефоныр: (8662) 74-28-28)*.

МэлхьэпІатІэр къывдзэкъа нэужь, тхьэмахуитІым къриубыдэу градус 39 - 41-м нэсу температурэр дэкІуеймэ, щхьэ уз фиІэмэ, фи кІэнтІыІур, зэрытыпІэхэр къывэныкъуэкъумэ, фи къэжьын къакІуэмэ, къаруншэ фыхъумэ, лъы фщІэкІмэ, Іэмал имыІэу дохутырым зыхуэвгъэзэн хуейщ.

МэлхьэпІатІэм зыщыфхъумэн папщІэ нэхъ ІэмалыфІыр абы хуэсакъыныращ. Губгъуэхэм, мэз лъапэхэм зыгъэпсэхуакІуэ фыщыкІуэкІэ, мэлхьэпІатІэр зытеплъагъукІ, фи Іэпкълъэпкъыр щІэзыхъумэ щыгъын нэхутхьэхукІэ зыфхуапэ: джанэ ІэщхьэкІыхь щыфтІагъэ, и пщампІэр фпхэ, гъуэншэдж лъапэхэр лъэпэдым дэвупщІэ, ІэлъэщІ зытефлъхьэ, натІэ зыІут картІуз щабэ щхьэрыфтІагъэ. Фи щыгъынхэм, псом хуэмыдэу сабийхэм ейм, щІэх-щІэхыурэ факІэлъыплъ. Щыгъын лъабжьэм мэлхьэпІатІэр мыкІуэн щхьэкІэ, удзым фыхэмытІысхьэ икІи фыхэмыгъуалъхьэ. Губгъуэ удзхэр зэхуэвмыхьэс, гъэгъа Іэрамэм уз зэрыцІалэ шынагъуэхэр зезыхьэ хэсынкІэ хъунущ.

КъызэрыгуэкІ напэІэлъэщІ хужьыр чыцэхэмрэ удзымрэ хэфлъафи, а щІыпІэм мэлхьэпІатІэ хэсмэ къэфщІэнущ. Репеллентхэмрэ акарицидхэмрэ мэлхьэпІатІэхэм хъарзынэу щызыхъумэ Іэмал гъэунэхуащ. Репеллентхэм ахэр Іуагъэщт, акарицидхэм яукІ. Щыгъын щІыІутелъхэр зэрагъэкъабзэ акарицидхэр фэм лъэбгъэІэс хъунукъым. Сыт хуэдэ репеллентри къыщывгъэсэбэпкІэ, чэнджэщхэм гупсэхуу феджэ икІи а хабзэм фытет.

ЦІыху къэс хэхауэ узыфэхэм зэрыщахъумэ щІыкІэр къагупсысакъым. МэлхьэпІатІэхэм къапкърыкІ узыфэхэр къэмыхъеин щхьэкІэ, паркхэм, скверхэм, стадионхэм, республикэм и цІыхухэмрэ и хьэщІэхэмрэ дапщэщи зыщагъэпсэху щІыпІэхэм акарицидхэмкІэ елэжьыпхъэщ. Урысейм Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и ІэнатІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къалэ округхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм илъэс къэс захуигъазэми, а Іуэхум мылъку хухахыркъым е кърaтыр хуабжьу мащІэщ. Абы къыхэкІыу, профилактикэ лэжьыгъэхэр и чэзум фІагъ хэлъу яхуегъэкІуэкІыркъым, мэлхьэпІатІэхэр мэбагъуэ, цІыхухэм хуэлъэхэр нэхъыбэ мэхъу.

Аращи, фысакъ, мэлхьэпІатІэхэм защыфхъумэ!

**ЛЕОНОВЭ Иринэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэм эпидемиологие къэпщытэныгъэмкІэ и къудамэм и ІэщІагъэлІ-эксперт пэрыт.*

Экономикэ
Политикэ
# Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ
Жылагъуэ Іуэху

# Хэхъуэхэмрэ хэщІхэмрэ

● Пенсэхэр

**Дэ къыдэдзакъэу хуежьащ щІыдагъэм и уасэхэр зэрехуэхамрэ санкцэхэр къызэрытхуагъэувамрэ я Іэужьхэр. Мыбдежым долларым зы къалэни щигъэзащІэркъым. КъэкІуэну илъэсищым тещІыхьа бюджетым щІэрыщІэу хэплъэжын щІэзыдза властхэр я щхьэм епхъуащ: зыхущыщІэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ хъунущ. ЩІыдагъэр нэхъ лъапІэ хъуным ущІыщыгугъыни щыІэкъым, гъэтІылъыгъэ фондри зэрытхурикъунур илъэситІ-щыкІэщ. Апхуэдэ щытыкІэм дыщыхуэкІуэм, Минфиным зытригъэщІащ ди гур зэрыгъу закъуэм - пенсэхэмрэ псэуныгъэм егъэщІылІауэ цІыхухэм ират нэгъуэщІхэмрэ. ПсынщІэ дыдэу къулыкъущІэхэм щІадзащ цІыхур пенсэ щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэным тепсэлъыхьын. Сыт ягъэмэщІэнур? Пенсэм кІуэн папщІэ урысейхэр сыт хуэдизкІэ лэжьэн хуей? Апхуэдэ упщІэхэр куэд мэхъу.**

### Бюджетым и хэщІхэр ямыгъэмащІэмэ сыт къэхъунур?

90 гъэхэм дызыхэта гугъуехьхэм дыкъыхэхутэжынущ. Абы щыгъуэм дэ тщыщ куэдым къащІащ «секвестр» псалъэм и мыхьэнэр. КъызэрыгуэкІыу жыпІэмэ, къикІыр «бюджетыр зэпыупщІынырщ»: ІэнатІэ псоми хуаутІыпщ ахъшэр процентипщІкІэ, процент тІощІкІэ, уеблэмэ, процент 30-кІэ ягъэмащІэ.

- Дэ диІэр хэкІыпІитІщ, - жиІащ УФ-м финансхэмкІэ и министр Силуанов Антон. - Е ди хэщІхэр 2016 гъэм процепти 7,6-кІэ, 2017 гъэм процент 13,7-кІэ, 2018 гъэм процент 20-м нэскІэ дгъэмэщІэн, е бюджетым и хэщІхэм хэдгъэхъуэн. Иужьрейм и деж гъэтІылъыгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ икІынущ.

Силуановым и псалъэм тепщІыхьмэ, илъэситІ-щы дэкІмэ, дэ ахъшэ теддзэн фІэкІа, нэгъуэщІ къытхуэнэжынукъым. Ауэ абы сомыр пуд дыдэ ищІынущ, инфляцэр дрихуеинущ. А псори дгъэунэхуащ 90 гъэхэм я кІэухым, дигу къэдгъэкІыжынуи дыхуейкъым.

Абы къыхэкІыу Минфиным къыщагупсысащ нэгъуэщІ хэкІыпІэ. Бюджетым и ахъшэр нэхъыбэ дыдэу здэкІуэр зыхъумэжыныгъэ, псэуныгъэ ІэнатІэхэрщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Урысейм мы зэманым игъэмэщІэфынукъым зыхъумэжыныгъэ Іуэхум тригъэкІуадэ мылъкур. Ауэ псэуныгъэм егъэщІылІахэр тІэкІу къригъэлъэхъшэхын хузэфІэкІынущ.

### Пенсэхэр ягъэмэщІэну ара?

Пенсэхэм уеІусэ хъунукъым. Арыншами, мащІэ пенсэр нэхъри игъэмэщІэну зыми зигъэхьэзыркъым. Зи гугъу ящІыр абыхэм я индексацэхэр ягъэмэщІэн къудейрщ. Законым ипкъ иткІэ иджы властхэм я къалэнщ пенсэхэм я инагъыр инфляцэр зэрыдэкІуеям илъэс къэс хуагъэдэну. Псалъэм и хьэтыркІэ, мазаем пенсэхэм заІэтащ процент 11,4-кІэ - уасэхэм зэрыхэхъуар зыхуэдизым тещІыхьауэ. Мы гъэми ахэр процент 12-кІэ къаІэтмэ (инфляцэр абы нэсыну жеІэ Банк Нэхъыщхьэм), бюджетым хуэмышэчынкІэ хъунущ.

Абы къыхэкІыу Минфиным къыхелъхьэ пенсэхэм зэрыхагъахъуэр процепти 4 - 5-м фІамыгъэкІыну. Илъэсищым къриубыдэу апхуэдэ щІыкІэкІэ сом триллиони 2,5-м нэблагъэ къыдигъэхуэнущ. Абы и щІыІужкІэ, анагъэ мылъкур (капиталыр) и пІэ ирагъэжыхьынущ (мы зэманым ар сом мин 453-рэ мэхъу). 2016 гъэм и ужькІэ абы хагъэхъуэн щІадзэжынуи фІэщщІыгъуейщ. Мы Іуэхуми къыдигъэхуэнущ сом меларди щэхэр.

Минфиным къыхилъхьахэмкІэ мыарэзыхэри мащІэкъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, вице-премьер Голодец Ольгэ къелъытэ къэралым имей пенсэ фондхэм я хэхъуэхэр бюджетым къагъэкІуэн хуейуэ. ЗэкІэ унафэ пыухыкІа къащтакъым.

### Сыт пенсэм щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэн щІыхуейр?

Сыт жамыІэми, абы дыхуэкІуэну къыщІэкІынущ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ абы ауэ сытми тепсэлъыхьыркъым Минфиным и унафэщІу щыта Кудрин Алексей и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Урысейм пенсэ ныбжьым зэрыщыхагъэхъуэнур белджылыщ, ауэ ар къыщыхъунур зэкІэ убзыхуакъым. Сыт хуэдэу щымытми, мы Іуэхум я фІэщу топсэлъыхь. «Минфиным езым фІэкъабылхэр хигъэхьащ «2016 гъэм икІи 2017 - 2018 гъэхэм ирагъэкІуэкІыну бюджет политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм». Правительствэм хэт къулыкъущІэхэм я нэхъыбэм даІыгъа а унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм къыщыгъэлъэгъуащ пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр цІыхухъухэми цІыхубзхэми я дежкІэ зэхуэдэу илъэс 63-уэ ягъэувыну. Ауэ абы щыхуэкІуэнур зэуэкъым - илъэс къэс пенсэ кІуэгъуэр мазихкІэ ягъэІэпхъуэу-рэщ.

- Дэ къытпоплъэ «демографие мащэ», - жиІащ Силуанов Антон. - ГъащІэм и кІыхьагъым хохъуэ. Абы къыхэкІыуи пенсионерхэм я бжыгъэм зеІэт, ауэ налог зыту лажьэхэм я бжыгъэм кІэроху.

ІэщІагъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, 2035 гъэм ирихьэлІэу зы лэжьакІуэм зы пенсионер ди къэралым щыхуэзэнущ. Апхуэдэ щытыкІэм уиту пхузэтеухуэнукъым налог мащІэхэмрэ пенсэ инхэмрэ.

### ЦІыхубзхэр цІыхухъухэм хуагъадэрэ?

Дауи, цІыхухэм я нэхъыбэм ягу ирихьакъым пенсэ ныбжьым теухуа псалъэмакъыр. ЛІэхукІэ ягъэлэжьэну жаІэ.

Псори зытещІыхьар гъащІэм и кІыхьагъырщ. Ди деж ар кІэщІу щыщытащ, ауэ иужь илъэсхэм дэкІуеящ. Статистикэм тепщІыхьмэ, урысей цІыхум ику иту илъэс 71-рэ къегъащІэ. Абы щыгъуэми, цІыхухъум илъэс 65-рэ, цІыхубзым зыкъомкІэ нэхъыбэ - илъэс 77-рэ хуэдиз.

- ГъащІэм и кІыхьагъым дяпэкІи хэхъуэнущ, 2020 гъэм ар илъэс 74 - 75-м нэсынущ, - къабжащ къулыкъущІэхэм.

А Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Омельчук Татьянэ къелъытэ пенсэ ныбжьым хэгъэхъуэныр цІыхубзхэм я деж къыщегъэжьэн хуейуэ: 2018 гъэм щыщІэдзауэ илъэс къэс мази 3 - 6 къыщІагъуурэ. 2025 гъэм ардыдэр ялъэІэсын хуейщ цІыхухъухэми. ИкІи 2035 гъэрщ цІыхухъухэри цІыхубзхэри илъэс 63-м иту пенсэм щыкІуэнур.

### Хэт абы зи фейдэ хэлъыр?

Иджырей экономикэр телъыджэу зэтеухуащ: пенсэфІ къыдатын папщІэ, дыщІалэху фІыуэ дылэжьэн хуейщ.

- ГъащІэм и кІыхьагъыркъым, атІэ зэрылэжьа илъэс бжыгъэрщ зытещІыхьын хуейр, - жеІэ Омельчук Татьянэ. - Ди деж ар адрей къэралхэм нэхърэ щынэхъ цІыкІущ, илъэс къэси нэхъ мащІэ щохъу. Япэрауэ, сабийхэр зы илъэскІэ нэхъыбэрэ школым щІэсщ, етІуанэрауэ щІалэ, хъыджэбз куэдым щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэт. Пенсэхэр къызыхэкІ налогхэр тын щыщІадзэр я ныбжьыр илъэс 23-м нэса иужькІэщ.

Зы пенсионерым хуэзэн хуейщ лэжьакІуи 3 - 4. Дэ а хабзэм куэд щІауэ дытетыжкъым. Лажьэхэр нэхъыбэхукІэ, пенсэхэри нэхъыбэнущ. Абы псори къыбжеІэ.

**БЕЛЯКОВ Евгений, РУЧКО Софье.**
*«Комсомольская правда»*

# Мылым и лъэхъэнэ

***Дызэрыт илъэсым зэрыщІидзэрэ дунейм къэхъукъащІэ зыбжанэ къыщыхъуакІэщ. ЩІышылэмрэ мазаемрэ США-м егъэлеяуэ щыщІыІащ, уэсышхуэ къыщесащ, мэкъуауэгъуэм уэлбанэ кІыхьхэм я зэранкІэ, Урысейм псыдзэхэр къыщиуащ... Еджагъэшхуэхэм къалъытэ мылым и лъэхъэнэщІэ дыхыхьэу.***

- ИУЖЬ илъэс мелуаным мылым и лъэхъэнэ кІыхьхэу плІы щыІащ, - къыджиІащ Черномырдин Виктор и правительствэм вице-премьеру хэта, геолого-минералогие щІэныгъэхэм я доктор Полеванов Владимир. - Иджы етхуанэм и чэзур къэсащ. Абы щІидзакІэщ илъэс минхэм я зэпылъыпІэм.

**- Арат дэ 2000 гъэмкІэ дыщІагъэшынэр?**

- Апхуэдэ илъэс бжыкІэр къэзыгупсысар цІыхурщ. Ди планетэм езым и бжыкІэ иІэжщ, лъэхъэнэхэр илъэс мелуанкІэрэ зэпыудауэ.

**- ЩІымахуэ щІыІэхэри уэшхышхуэхэри нэхъапэми щыІащ. Урысей метеорологхэм къыджаІэ: мэкъуауэгъуэм дэ къытщхьэщытащ антициклон лъэщ. Аращ уэлбанэ кІыхьхэри къызыхэкІар.**

- Къэхъукъащіэхэр щыІащ, ауэ ахэр абы щыгъуэм нэхъ мащІэт. Иджы дуней щытыкІэм нэхъыбэрэ зызэредзэкІ. Метеорологхэм жаІэфыркъым циклонхэмрэ антициклонхэмрэ щІэх-щІэхыурэ пІалъэ кІыхькІэ дыщІаубыдым и щхьэусыгъуэр. Къэхъухэр къызыхэкІыр къагурыІуэркъым. Я лэжьыгъэр зытещІыхьар пІалъэ кІэщІхэрщ. Ауэ дэ иджы дыжьэхоуэ куэдкІэ нэхъ пІалъэ кІыхьхэм - илъэс минхэм - ятещІыхьа къэхъукъащІэхэм. Мылым и лъэхъэнэ къытхуэкІуэр иджырей цІыху цивилизацэм дежкІэ япэщ.

### Европэм и «хьэкур» мэупщІыІу

**- КъыдгурыгъаІуэт!**

- Псом япэрауэ, Гольфстрим хуабэр мэупщІыІу. Ищхъэрэ Атлантикэмрэ КъухьэпІэ Европэмрэ я «хьэкуу» къалъытэ Гольфстримыр Мексикэ дэжыпІэм къыщожьэри, Кариб тенджызым къыщоплъ икІи зы секундым псы хуабэ кубометр мелуан тхущІ ищхъэрэ щІыналъэм нэсу Европэм и Іуфэхэм ехь. Атом электростанц мелуаным къалэжьым хуэдиз и лъэщагъщ! Абы и фІыгъэкІэ, Европэмрэ США-мрэ хуабэр градуси 8-10-кІэ нэхъ лъагэу щыдокІуей.

Ауэ Гольфстримыр иужь илъэсхэм нэхъ къарууншэ мэхъу. Абы щыгъуэми зыкъеІэт Лабрадор щІыІэм. Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, абы Гольфстримым и гъуэгур зэхуищІынущ. ИтІанэ Европэм и Іуфэхэм Іумыхьэу иужьрейм АфрикэмкІэ иунэтІын хуей хъунущ.

2005 гъэм и мазаем премьер Блэр Тони и жэрдэмкІэ Лондон щекІуэкІащ дуней щытыкІэм зэрызихъуэжым егъэщІылІа ІуэхухэмкІэ еджагъэшхуэхэм я конференц. Ахэр Гольфстримми тепсэлъыхьащ. Языныкъуэхэм уагъэгужьейрт: жаІэрт ар дызыхыхьа лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІым ирихьэлІэу увыІэпэну. Іуэхур зэрыхъунур къахутэным инджылызхэм фунт мелуан 200, америкэнхэм иужьыІуэкІэ доллар мелуан 400 хухахащ. Ауэ 2010 гъэм и мэлыжьыхьым Мексикэ псы дэжыпІэм къыщиуащ «Бритиш петролеум» компанием и щІыдагъэ платформэр.

**- Обамэ абы щыгъуэм ар къилъытащ тхыдэм и кІуэцІкІэ нэхъ экологие къэхъукъащІэ хьэлъэ дыдэу.**

- Пэжщ! ТхьэмыщкІагъэм и инагъыр ибзыщІын икІи хы щІыІум телъэда щІыдагъэр зыхуэдизыр игъэмэщІэн мурадкІэ, «Бритиш петролеум»-м ар и щІагъым иригъэхащ химие ткІуаткІуэ литр мелуанхэр къагъэсэбэпурэ.

**- КІэбгъу защІыжу арат...**

- АрдыдэмкІи, доктор Зангари, Фраскати институтым (Италие) и физикым, и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, «ди планетэм дунейпсо климатыр щызезыгъакІуэ къуэпсыр хапІытІащ». Зангари Мексикэ псы дэжыпІэм щылэжьащ адрей еджагъэшхуэхэм я гъусэу.

**- ХапІытІэпа-тІэ?**

- Сыт хуэдэу щымытми, щІагъэпсынщІащ. Мыпхуэдэ зэгъэпщэныгъэхэр щыІэщ. Гольфстримым и фІыгъэкІэ зэщІэщтхьэркъым Полярнэ щІыналъэм хыхьэ Кольскэ хытІыгу ныкъуэу Мурманск кхъухь тедзапІэр здэщыІэр. ЩІымахуэр хуабжьу щыткІий зэзэмызэхэрт ар къыщыхъур. ЗэпэфлъытІ: XX лІэщІыгъуэм псы дэжыпІэр щтащ 1936, 1966, 1979, 1999 гъэхэм. Ди зэманым: «Бритиш петролеум»-м иужькІэ 2011 гъэм, итІанэ 2015 гъэм. ХытІыгур щызэщІэщтхьэхэм яку дэлъ зэманыр нэхъ кІэщІ зэрыхъуам гу лъыфтакъэ? Ар ауэ сытми къэхъуа Іуэхукъым. «Хьэкур» мэупщІыІу. Псы хуабэр «зэкІэщІачу» къыщІэкІынущ: нэхъапэм щІы хъурейр хуиту къызэхикІухьырт, иджы лъэпощхьэпохэм Іоуэ. 2010 гъэм антициклоныр Урысейм и кум къыщызэтеувыІащ. Хуабащэт. Иджы мэкъуауэгъуэм уэшхышхуэ дыдэхэр къыщешхащ. США-м щІэхщІэхыурэ щІыІащэ щохъу, уэсышхуэ къыщос.

### ІэпапІэхэр плъагъужыркъым

- 1300 гъэм Гольфстримыр нэхъ къарууншэ хъуат. ЛІэщІыгъуэрэ ныкъуэм нэскІэ Европэм егъэлеяуэ щыщІыІащ. Ищхъэрэ Америкэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэми хуэдэу. Иджы тхыдэм къегъэзэж. ЩытыкІэр нэхъ гугъу ещІ «Маундер и хабзэм»

**- Хэт езыр а Маундерыр?**

- Инджылыз астрономщ. Архив тхыгъэхэр иджурэ, абы къихутащ 1645 - 1715 гъэхэм дыгъэм ІэпапІэхэр псынщІэу мащІэ дыдэ зэрыщыхъуар - зэрыщыта минипщІхэм я пІэкІэ къэнэжар щэ ныкъуэ къудей хуэдизт. Ар къыщыхъуар телъыджэу техуащ XIV-XIX лІэщІыгъуэхэм щыІа мылылъэ лъэхъэнэ кІэщІым. Мис а «пащтыхь дыгъэ» зыфІаща Людовик ЕпщыкІуплІанэм и тетыгъуэ зэманым. ЦІыхухэм Темзэ лъэрыжэкІэ къыщажыхьырт Голландием и кІэнауэ зэщІэщтхьахэми хуэдэу. Иджы Дыгъэр жыджэрыжкъым. КъызыхэкІыр гурыІуэгъуэкъым, ауэ ар шэч зыхэмылъщ: мылым и лъэхъэнэщІэ къокІуэ. Ауэ ар кІэщІынукъым япэ итам хуэдэу. Абы щІэдзапэ хуэхъуари Гольфстримырщ.

**- ХэкІыпІэ гуэрхэр щымыІэу пІэрэ?**

- Хуабжьу нэхъ къэсщтэнт уи гур згъэфІыну, арщхьэкІэ схузэфІэкІыркъым. 2003 гъэм къыщыщІэдзауэ 2013 гъэр къэсыху Арктикэм зыщаубгъуащ мылхэм. Ахэр Ищхъэрэ Америкэм хуокІуэ. Къэдгъэлъэгъуэнщи, лІэщІыгъуэм зэрыщІидзэрэ Канадэм и щІыналъэми, США-м и ищхъэрэ лъэныкъуэми градусиблкІэ нэхъ щІыІэ щыхъуащ. Абы уегъэгупсысэ! Псом хуэмыдэу Урысейм ар градуси 4-кІэ, Якутием градуси 10-кІэ(!) зэрыщыдэкІуеяр къэплъытэмэ.

АрщхьэкІэ нэхъыщхьэр Лаврентий мылылъэрщ, зи лъэужьхэр еджагъэшхуэхэм Канадэм къыщагъуэтарщ. Иужь илъэс мелуаным ар плІэнейрэ щІы щІыІум къыдэкІуеящ иджырей США-мрэ Канадэмрэ я щІыналъэхэм я нэхъыбэр километри 3-м нэс зи лъагагъ мылкІэ зэщІиІулІэу. Хуэмурэ ягъэткІужырт дыгъэ бзийхэм. Иужьу щыткІуар илъэс мин 11 и пэкІэщ. ЩІэныгъэм къелъытэ абы и деж мылым и лъэхъэнэ псори къыщежьэу.

**- Америкэра япэ удыныр зылъэІэсынур?**

- ЦІыху гъащІэм тепщІыхьмэ, ар къыщыхъуну зэманыр хуабжьу тпэжыжьэщ. Лаврентий мылылъэм къару игъуэтыным илъэс мин нэхърэ мынэхъ мащІэ токІуадэ. Пэжщ, Канадэр гугъуехь зэмылІэужьыгъуэхэм хэхуэнущ мыгувэу.

### Хэт къыкІэлъыкІуэр?

- Илъэс минитІ-щы дэкІмэ, зыкъиІэтынущ Скандинав мылылъэм. Абы щІиуфэнущ щІыналъэм щыпсэу къэралхэр. Санкт-Петербургми, Кольскэ хытІыгуми ар ялъэІэсынущ. КъыкІэлъыкІуэ илъэс минитІ-щым къэунэхунущ Таймыр мылылъэр. Абы иубыдынущ Сыбырым щыщ Іыхьэшхуэ.

**- Москварэ Урысейм и кумрэ къапэплъэр сыт?**

- Абыхэм удын къезыдзынур Скандинавиерщ. Зэрыубыда мылхэм ІуащІэнущ Ищхъэрэ мылылъэм хэхуэ псыхэр. Къалэхэм я пІэ къихутэнущ гуэл абрагъуэхэр. Илъэс мини 8 - 10 дэкІмэ, Москва и пІэм тундрэ къихутэнущ, Краснодар щІыналъэр пшахъуэщІ хъунущ.

Гуэлхэр пІалъэ-пІалъэкІэрэ ящхьэдэуэхынущ къэзыІулІыхьа мылхэм. Кубометр мелуанхэр телъэдэнущ Урысеймрэ Европэмрэ я щІыналъэхэм. Фи нэгу къыщІэвгъэхьэт: километр мин зи бгъуагъ, метр 200 - 300 зи лъагагъ псыр зы сыхьэтым километр 200 - 300 икІуу йожэх, мыл тыкъыр абрагъуэхэр хэлъу. Зыхуэзэ псори ирех!

Урысейм псыдзэхэр къыщиунущ, хуабэнущ, мэзхэм мафІэхэр щыщІэнэнущ, мис а ипэкІэ зи гугъу тщІа щхьэусыгъуэхэм къыхэкІыу. Ар Іейщ икІи абы сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэгъэхьэзырын хуейщ. Ауэ фІыуэ къыхуихьынур нэхъыбэщ. Дэри ди щІэблэ жыжьэхэри щІыІэм исынукъым. Мылылъэ лъэхъэнэр хуабжьу жыжьэщ. Зэман гъунэгъум тепщІыхьмэ, гъавэм и бэвагъым хэхъуэнущ, унэхэр щагъэплъыну мазэхэр нэхъ мащІэ хъунущ. Уэшххэм я фІыгъэкІэ, урысейхэм псыхэр нэхъ пэрыхьэту яІэрыхьэнущ. ЗэрытщІэщи, псым нэхърэ нэхъ къулеигъэ нэхъыщхьэ щыІэкъым. Дыпсэунщ! Илъэс минхэр дэкІмэ, цІыхухэр дуней къэхъукъащІэхэм нэхъ япэщІэтыфыну къыщІэкІынщ.

**ЧЕРНЫХ Евгений.**
*«Комсомольская правда»*



**ХэхакІуэхэр къыдихьэхын папщІэ ЛДПР-м и пашэ Жириновский Владимир имыщІэн щыІэкъым. Иджы тхьэкІумэкІыхь игъэхъуну ахэр къигъэгугъащ. Хамэ къэралхэм лыхэкІ къызэрырамышыжыр абыкІэ иригъэкъужыну жеІэ.**

● Украинэ

# Жылагъуэ сымаджэ

### Зэзауэрэ хьэмэрэ зэмызауэрэ?

***«Мы зэманым хьэпшыпхэмрэ ерыскъыкІэ кудауэ Украинэм икІ фурэ куэд Къырымым макІуэ. Украинэм фІамыщІ ДНР-мрэ ЛНР-мрэ къыщещэху. Аращи, зэзауи зэмызауи хуэдэщ», - жеІэ Киев къыщыдэкІ «Вести» газетым и редактор Гужвэ Игорь.***

### Гугъу йохь

**- Игорь, сыщыгъуазэщ Киев щыІэ фи редакцэм и ІуэхущІапІэм радикалхэр зэрытеуам, ар зэрыщІащыкІам. АтІэ Украинэм уи Іуэху еплъыкІэр щыжыпІэ мыхъужу ара?**

- Мы зэманым гугъу йохь пэжыр жызыІэ журналистхэр. И щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкІщ: властхэм (гу лъозгъэтэну сыхуейщ ахэр журналист куэдми зэрыдаІыгъыми) ягъэуващ къэралым зауэ щекІуэкІыу. Абы къыхэкІыуи цензурэ щыгъэІэн хуейщ «къэралыр щытыкІэ гугъум кърашынымкІэ икІи зауэм щытекІуэнымкІэ щІэгъэкъуэн хъун папщІэ». Ауэ, итІани, ди журналистхэм я нэхъыбэр журналисту къонэжри, Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм щІоупщІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ мыбы: дэ Урысейм дезауэмэ, Липецк дэт фабрикэр щхьэ иджыри къэс Порошенкэ ей икІи абы налог ахъшэ урысей бюджетым щІыхилъхьэр сыт? Сэ си нэгу къысхущІэгъэхьэнукъым зауэм и зэманым Черчилль Германием шэху уэздыгъэ къыщыщІагъэкІ завод цІыкІу щиІауэ е Гитлер хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ США-м щригъэкІуэкІауэ.

### Къэралыр Іулъхьэм етхьэлэ

**- Украинэм властыр залымыгъэкІэ щІыщызэрахъуэкІам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ Янукович и зэманым Іулъхьэр егъэлеяуэ къэукъубеяуэ зэрыщытар. Иджы зыгуэрым зихъуэжа?**

- Иджы нэхъ Іеиж хъуащ. Янукович и зэманым хабзэ гуэрхэр щыІащ. Псоми ящІэрт Іулъхьэхэм президент унагъуэм узэрыхуашэр. Абы къыхэкІыу хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэр щыгъуазэт я Іуэхухэр зэрыдагъэкІыну щІыкІэр. Мы зэманым къулыкъущІэ нэхъ жьгъей дыдэми къыпхуигъэувыфынущ Іулъхьэ ептыну. И унафэщІым зыкІи щышынэркъым (Іулъхьэм щыщ тІэкІу иритмэ, гурыІуэфынущ). Сыт атІэ къэхъур? Зым, тІум, щым Іулъхьэ ират, ауэ я Іуэхур зэфІэкІыркъым. Абы щыгъуэми, еплІанэми, етхуанэми, еханэми Іулъхьэ ептыну къыпхуагъэув, ебланэмрэ еянэмрэ уэ къыпхуагъэза уголовнэ Іуэхухэр ягъэхьэзыр...

Ахъшэр зэрызэрапхъуэ нэгъуэщІ Іэмалышхуэщ зауэм трагъэкІуадэхэр. ФинансхэмкІэ министерствэм хэІущІыІу ищІащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: махуэ къэс зауэм доллар мелуани 5 - 10 токІуадэ абы и гуащІагъым елъытауэ. Абы щыгъуэми, къэралым къищэхуахэр зыхуэдизым зыри кІэлъыплъыркъым. Араши, мылъку зэплъэфэлІэнумэ, къеблагъэ! Журналистхэм я апхуэдэ упщІэхэм жэуап иратын властхэм яфІэфІкъым. ИкІи абыхэм жаІэ а упщІэхэр къезытхэр къапэщІэт къэралым хуэлажьэу. ФСБ-м и агенту къалъытэфынущ хэти. Националист ихъуипкІхэм я дежкІэ, уеблэмэ, Порошенки ФСБ-м и лэжьа-кІуэщ.

**- Ар сыт делагъэ?**

- Ар делагъэкъым, атІэ политикэ технологиещ. Уэ зыгуэр къыщыптехъущІыхьым и деж, Іэмалищ уиІэщ: е зыри жумыІэн, е жэуап пыухыкІа ептын, е къыптехъущІыхьыр бийуэ къыщІебгъэдзын. Украинэм и властым ещанэ Іэмалыр къыхихащ.

**- Украинэм и МВД-м и ІэтащхьэАваковым жиІащ Бузинэ Олесь зыукІахэр къаубыдауэ. Ауэ шэч зыхуащІхэр занщІэу ятІыпщыжащ. Уеблэмэ, уэрамым удз гъэгъахэмкІэ къыщыІущІащ...**

- Накъыгъэм «Вести» газетым и журналистхэр щыгъуазэ хъуащ зэрыщІэпхъуэжа машинэмкІэ лІыукІхэр хэтми къызэращІам. Ауэ ахэр яубыдауэ Аваковым зэрыжиІэу, псалъэмакъышхуэ къэхъеящ. УнафэщІ коалицэм щыщ депутатхэри журналистхэри (ди жагъуэ зэрыхъущи) яхэту цІыху куэдым кІиин щІадзащ: ахэр цІыху хейхэщ, АТО-м щызэуащ, утІыпщыжын хуейщ. НэгъуэщІхэм жаІэрт: «Абыхэм ар яукІагъэнкІи хъунщ. АтІэ сыт? Бузинэ Украинэм и бийт, Урысейм дрикыбжьэгъуным и телъхьэт. ФІы дыдэ хъуащ ар зэрыІуахар». Украин жылагъуэр нобэ сымаджэ хьэлъэщ. Абы щыщ Іыхьэр хьэзырщ сыт хуэдэ хьэкІэкхъуэкІагъэми Украинэм и сэбэп хэлъу къыщІригъэдзыну.

**ПОЛУПАНОВ Владимир.**
*«Аргументы и факты»*

# ТІэкІу зэтесабырами...

● УпщІэ - жэуап

**Урысейм СтатистикэмкІэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, мэкъуауэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ зэхуакум инфляцэр дэкІуеякъым. Ар фІыщ, апхуэдэу щытмэ: уасэхэр я пІэ ижыхьащ. Ауэ къаруущІэкІэ зрамычыжыну пІэрэ дяпэкІэ?**

УПЩІЭМ жэуап ирет ІэщІагъэлІ **Николаев Игорь**:

- Росстатыр зымащІэкІэ щыуауэ къыщІэкІынущ, ауэ абы къитахэр уи фІэщ пщІы хъунущ. Мэкъуауэгъуэм и кІэм уасэхэр тІэкІу зэтесабыращ, ауэ мы мазэм и пэщІэдзэм щытыкІэм зихъуэжащ. Бадзэуэгъуэм ЖКХ-м и тарифхэм хэхъуащ. Абыхэм яжь щІихуащ инфляцэм. Мазэм и кІэм абы зиІэтынущ процент 0,5-0,6-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ. Бжьыхьэм уасэхэр псынщІэу дэкІуеинкІэ зыхуэІуа щыІэкъым - сомыр нэхъ къарууншэ, щІыдагъэр нэхъ пуд зэрыхъум къыхэкІыу. Илъэсым зэрыщІидзэрэ инфляцэр процепти 8 - 9-м нэсамэ, дэ зэрыхуэдгъэфащэмкІэ, илъэсым и кІэухым ар процент 18 хъунущ.

*«Аргументы и факты».*

**УФ-м и Следственнэ комитетым Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ округымкІэ и къудамэм судым хуигъэхьащ Мэхъэчкъалэ тенджыз сату кхъухь тедзапІэм и унафэщІу, иужькІэ республикэм и вице-премьеру щыта Хархаров Абусупьян теухуа уголовнэ Іуэхур.**

● ЩІэпхъаджагъэ

# Кхъухьхэри ядыгъуат

КЪУЛЫКЪУЩІЭУ щытар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и статья зыбжанэкІэ. А псори зытещІыхьар мылъку зэхэдыгъуэнырщ.

Хабзэхъумэхэм къалъытэ хабзэншагъэкІэ аукцион ирагъэкІуэкІкІэрэ Хархаровым, абы и къуэдзэу щытахэм, Дагъыстэным щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министрым и къуэдзэу лэжьар я гъусэу «Алиев Али», «Дагъыстэн», «Кама» кхъухьхэр зэрадыгъуар. ИужькІэ ахэр приватизацэ ящІри, езыхэм къапыщІа фирмэхэм иратащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ республикэм и бюджетым хэщІыныгъэу сом мелуан 218-рэ ирагъэгъуэтащ.

А псори щІэпхъаджагъэхэм я пэщІэдзэ къудейт. Хабзэхъумэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, бзаджащІэхэм хэгъэщагъэ Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ зыІэрагъэхьащ зи цІэ къитІуа ІуэхущІапІэм кредиту къыІиха сом мелуан 250-р. Ахъшэр иужькІэ иралъхьащ езыхэм я унафэхэм щІэт компаниехэм я счётхэм.

УФ-м и Следственнэ комитетым къызэрыщабжамкІэ, псори зэхэту кхъухь тедзапІэм хэщІыныгъэу сом мелуан 500-м щІигъу къыхуахьащ.

- Мы зэманым зэхуахьэсащ щІэпхъаджащІэ гупыр зэрыкъуэншам щыхьэт техъуэ тхылъхэр. Иджы уголовнэ Іуэхур судым Іэрыхьэк Іэщ.

**АЛИЕВ Тимур.**
*«Российская газета»*

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

# Зи Iэужьыр уахътыншэ

● Лъэпкъ Iуэху

**Адыгэ тхакIуэ Къашыргъэ Хьэпащlэ къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъу махуэр щагъэлъапIэм, абы и щIэблэм, и Iыхьлыхэм мурад ящIат тхакIуэм и Iэужьыр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ къыдагъэкIыну. Иджыблагъэ дунейм къытехьащ томищу зэхэт а къыдэкIыгъуэр - «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь», «ГъащIэр матэщIэдзакъым» тхылъхэр. А Iуэхугъуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ Налшык къалэ, республикэм Щэнхабзэмкlэ и фондым щекIуэкIащ.**









ПШЫХЬЫМ къекIуэлIат тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, артистхэр, Къашыргъэм и творчествэр фIыуэ зылъагъу куэд. Абыхэм ягу къагъэкIыжащ Къашыргъэм и дуней тетыкIар, и лэжьэкIар, сэбэпынагъ зыпылъ Iуэху куэд зэфIигъэкIыу зэрыщытар. Адыгэ литературэ критикэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, адыгэ литературэр школым зэрыщаджыну программэхэр зэхэзыгъэувэ, егъэджэныгъэ IэнатIэм жыджэру пэрыта Ержыб Аслъэн тхакIуэм и творчествэм кIэлъыплъащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм къыщыщIэдзауэ. Къашыргъэм и литературэ лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым абы къыхигъэщащ тхакIуэм хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтар, и тхыгъэхэр нэсу джа, зэпкърыха зэрымыхъуар. Апхуэдэу Аслъэн къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ ХьэпащIэм и IэдакъэщIэкIыу «Насыпым и хэкIыпIэ», «ГъащIэ лъэужь» тхыгъэхэр повесть литературэ жанрым хагъэхьэу илъэс куэдкIэ къызэрекIуэкIар. Ахэр романым нэхъ зэрыхуэкIуэр Ержыбым иужькIэ къигъэлъэгъуащ икIи абы къытенащ.

Къашыргъэ ХьэпащIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм жыджэру щыпэрыта илъэсхэм ятеухуа гукъэкIыжхэри щыкуэдт пшыхьым. Апхуэдэу, адыгэ композитор Молэ Владимир и сабиигъуэм, школым щыщеджа илъэсхэм ятеухуа теплъэгъуэ куэд игу къигъэкIыжащ икIи абыхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэр Къашыргъэ ХьэпащIэт:

- ЦIыхур псоми ягу къызэринэр абы къилэжьа мылъкумкIэкъым, атIэ къызэринэкIа IуэхуфIхэрщ. ХьэпащIэ лIыгъэрэ хьэл хьэлэмэту хэлъар гъунапкъэншэт. Сыт хуэдэ ныбжьми гулъытэ хуищIыфырт, и къуажэгъухэр фIыуэ зэрилъагъум хуэдэу, езыри къалъагъурт. Зауэ зэманым абы зэрихьа лIыгъэм и фIыгъэкIэ и къуажэгъу куэд псэууэ къэнащ икIи ар джэрмэншыкдэсхэм зэи ягу ихунукъым. Абы къыщIэхъуащ бын дыгъэлхэр, абыхэм я быныжхэри цIыхур зэхъуапсэм хуэдэщи, Тхьэм нэхъыфIыж ищI!

Пшыхьым кърихьэлIа псоми къагъэлъэгъуащ Къашыргъэм и тхыгъэхэр иджырей тхылъеджэми игу дыхьэу щIыщIиджыкIыр - ахэр гъащIэм пэгъунэгъуу зэрыщытырщ, зытетхыхь зэманым хэпсэукIа цIыхухэм я образыр егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу зэрызэфIигъэуварщ.

Апхуэдэу, адыгэ бзэ щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ Къашыргъэ ХьэпащIэ и творчествэм и мыхьэнэм и куэагъым и гугъу ищIащ КъБКъУ-м и Филологие институтым и адыгэбзэ кафедрэм и доцент, филологие щIэныгъэхэм я кандидат УнэлIокъуэ Вячеслав. Абы къигъэлъэгъуащ бзэ щIэныгъэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэу «Синтаксисым» и щэхухэр джынымкIэ ХьэпащIэ и тхыгъэхэр щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэу къащтэу зэрыщытыр.

- Мы авторым и псалъэухам и гъэпсыкIэмрэ и ухуэкIэмрэ хуэдэ зиIэ щIагъуэ ди адыгэ тхакIуэхэм яхэткъым. ГъэщIэгъуэнракъэ, а зэманым синтаксисыр нэсу къэхута хъуатэкъыми, абы и хабзэхэр ирагъэджу щытакъым. Ауэ ХьэпащIэ къигъэсэбэпа псалъэуха зэхэгъэувэкIэм урегъэгупсыс абы щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэ зэрыхъунум, нэхъапэкIэ зыми къимыгъэсэбэпа ухуэкIэ бзэм къызэрыхигъэхьам. Къашыргъэм и тхыгъэхэм я бзэ зэхэлъыкIэм ехьэлIа диплом лэжьыгъэ зыбжанэ ятхауэ щытми, ди анэдэлъхубзэм ирилажьэхэм тхакIуэм и Iэзагъыр къэхутэным епха лэжьыгъэшхуэ дяпэкIэ къытпэщылъщ, - жиIащ УнэлIокъуэм.

Къашыргъэ ХьэпащIэ и зэчийм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьам, абы хэлъа цIыхугъэмрэ губзыгъагъэмрэ щыхьэт техъуэ псалъэмакъым къыпащащ пшыхьым къекIуэлIа артистхэм. Апхуэдэу, Щэрмэт Людмилэ къеджащ ХьэпащIэ и рассказхэм языхэзым щыщ пычыгъуэ, Къашыргъэ Мухьэмэд тхакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр жиIащ.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа тележурналист Мыз Залинэ жиIащ тхакIуэр щыпсэуа лъапсэм дэт унэр, ар щылэжьа пэшыр абы и музей цIыкIуу плъытэ зэрыхъунур, и Iэрытххэр къызэригъэнам хуэдэу, и хьэпшыпхэр, унэлъащIэхэр ямыхъуэжу нобэми и Iыхьлыхэм зэрызэрахьэр. Абы щытриха фильмым щыщ пычыгъуэхэр къызэхуэсахэм я пащхьэ щигъэлъэгъуащ Залинэ.

ХьэпащIэ и къуэ Хьэзешэрэ и къуэрылъху Даур Мадинэрэ пшыхьым кърихьэлIахэм фIыщIэ хуащIащ. Тхылъхэр къыдэгъэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн къахуэхъуа, гугъу закъыдезыгъэхьа Котляров Виктор псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ.

«...ГъащIэм псори ирегъаджэ, езым и IэнатIэ къарет. А гъащIэм и дерсым нэхъ къыхэхыпхъэр цIыхугъэрщ. ЦIыхугъэ зиIэм псори иIэщ. Дунейм зыгуэр тезыха щыIэкъым. Апхуэдэу щIэхъур ар здахьын щыIэкъыми аращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, уиIари блэжьари дунейм къытыбонэ. Хэти ещIэ ахэри игъащIэкIэ «къазэрыкIэлъымыпсэунур», псоми кIэ зэриIэнур. Апхуэдэу щыт пэтми, зыгуэр, фIы гуэр дунейм къытебнэн хуейщ. Абыхэм ящыщу цIыхугъэ къызэбнэкIмэ, уащыгъупщэжыху (уи лъэужьыр кIуэдыжыху) «щIэукIуатэ» къыпхужаIэнкъым. Ар нэхъ щIэин нэхъыщхьэу къызолъытэ къызэбнэкI бынхэм я дежкIэ». Мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ еух Къашыргъэ ХьэпащIэ и тхыгъэхэм языхэзыр.

ЦIыхугъэр и гъуазэу псэуа тхакIуэм и фэеплъыр зыгъэлъапIэ щIэблэ къыщIэнащи, адэкIи я мурадыфIхэр къехъулIэу, лъэпкъым IуэхуфI хуалэжьу псэуну ди гуапэщ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

# Ди пщащэ дахэкIейхэр икIи Iущхэр


Нэгъучэ Маринэ


Хьэгъур Нателлэ

**Курыт еджапIэхэр къэзыух щIалэгъуалэм папщIэ илъэс къэс ТIуапсы щызэхашэ «Вагъуэ уэшх» пшыхьыр иджыблагъэ екIуэкIащ. Макъамэ, къафэ, уэрэд саугъэтхэр, удз гъэгъахэр - куэд щызэхэухуэнащ абы, балигъ гъащIэм хэбакъуэ ныбжьыщIэхэм я гукъыдэжыр къраIэту.**

«ВАГЪУЭ УЭШХЫМ» ирагъэблэгъа цIыху 54-м яхэтт ди лъэпкъэгъу хъыджэбз цIыкIуитIи - Агуей къуажэм и курыт школыр къэзыух Нэгъучэ Маринэрэ ТIуапсы къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м къыщIэкI Хьэгъур Нателлэрэ. Языхэзри, совет фильмым зэрыщыжыIащи, Iущ дыдэщ икIи дахэкIейщ.

- Маринэ адрей и ныбжьхэм къазэрыхэщыр хьэл-щэн быдэ зэриIэмрэ ерыщу и мурадым зэрыхуэкIуэмкIэщ, - жеIэ Агуей къуажэм дэт школым и унафэщI, Нэгъучэ Маринэ и класс унафэщI Пихтуловэ Оксанэ. - Курыт еджапIэр «тху» защIэкIэ къиухыну къалэн зыщищIыжати, ар хъыджэбзым зригъэхъулIащ. КъищынэмыщIауэ, Маринэ хузэфIэкIащ Зыуэ щыт экзаменхэм урысыбзэмкIэ балли 100 къыщихьыну. Абы дэ къыджеIэ ар зэрыцIыху губзыгъэр.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ псалъэ дахэщ хужаIэр Хьэгъур Нателли. Абы къиух школым и унафэщI Иванников Игорь къыхигъэщащ: «Нателлэ зи щIэныгъэкIэ шэч къызытумыхьэн еджакIуэщ. Нэхъыщхьэращи, ар гъэсащ. Еджэным къыдэкIуэу, хъыджэбз цIыкIур щэнхабзэми дехьэх, школым и жылагъуэ гъащIэми жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ».

ФIыкIэ узыщыгугъынщ пщащэхэр, тIуми къыхуагъэфэщащ «ЩIэныгъэм щаIэ ехъулIэныгъэм папщIэ» медалыр. Апхуэдэуи Маринэ илъэс куэд щIауэ къыщофэ «Шапсыгъым и пшэплъхэр» ансамблым. Нателлэ уэрэд жеIэ, къалэ, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм лауреат щыхъуащ. Псом хуэмыдэу ар «Роснефть»-м вагъуэщIэхэр къегъэнэху» фестивалым къыщыхэжаныкIащ, саугъэт нэхъыщхьэри къыщыхуагъэфэщащ.

Курыт еджапIэхэр къэзыух адрей минхэми хуэдэу, Маринэрэ Нателлэрэ мы зэманым йогупсыс адэкIэ зытехьэну гъуэгум, нэгъуэщIу жыпIэмэ къыхахыну IэщIагъэм. Ди лъэпкъэгъу хъыджэбз цIыкIухэм дохъуэхъу я гурылъхэр къайхъулIэну.

**НЫБЭ Анзор.**



ГОСУДАРСТВЕННОЕ КАЗЁННОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ СРЕДНЕГО ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ ТОРГОВО-ТЕХНОЛОГИЧЕСКИЙ КОЛЛЕДЖ» МИНИСТЕРСТВА ОБРАЗОВАНИЯ, НАУКИ И ПО ДЕЛАМ МОЛОДЁЖИ КБР

*объявляет приём студентов на 2015 - 2016 учебный год по основным профессиональным образовательным программам подготовки специалистов среднего звена по очной и заочной формам обучения*

| № п/п | Специальности и профессии | Сроки обучения | Квалификация | Область профессиональной деятельности |
|---|---|---|---|---|
| *Специальности СПО на базе основного общего образования (9 классов); на базе среднего общего образования (11 классов)* | | | | |
| 1. | Технология продукции общественного питания | 2 г. 10 месяцев<br>3 г. 10 месяцев | Техник-технолог | Организация работы предприятий общественного питания, приготовление пищи и контроль за качеством.<br>I ступень – присвоение квалификации по профессии СПО «Повар»;<br>II ступень – присвоение квалификации по специальности СПО «Техник-технолог» |
| 2. | Экономика, бухгалтерский учёт | 2 г. 10 месяцев<br>1 г. 10 месяцев | Бухгалтер | Организация учёта имущества и хозяйственных операций, расчётов с бюджетом и внебюджетными фондами, юридическими и физическими лицами на предприятиях торговли и общественного питания |
| 3. | Гостиничный сервис | 2 г. 10 месяцев<br>1 г. 10 месяцев | Менеджер | Организация работы предприятий гостиничного, санаторно-курортного и туристического сервиса.<br>I ступень - присвоение квалификации по профессии СПО «Администратор»;<br>II ступень - присвоение квалификации по специальности СПО «Менеджер» |
| *Профессии СПО на базе основного общего образования (9 кл); на базе среднего общего образования (11 классов)* | | | | |
| 4. | Повар; кондитер | 2г. 10 месяцев<br>10 месяцев | Повар, кондитер | Приготовление широкого ассортимента простых и сложных блюд, национальной кухни народов КБР, русской и европейской кухни. Приготовление различных видов мучных кондитерских изделий.<br>Присвоение квалификации по профессиям «Повар»; «Кондитер». |
| 5. | Официант; бармен | 10 месяцев | Официант, бармен | Организация работы баров различных видов; организация обслуживания посетителей на предприятиях общественного питания, банкетов, презентаций, корпоративов.<br>Присвоение квалификации по профессиям «Официант»; «Бармен». |
| *Профессиональная подготовка* | | | | |
| 1. | Повар | 3 месяца | Повар 2-6 разрядов | Подготовка и повышение квалификации основного производственного персонала предприятий общественного питания |
| 2. | Официант | 2 месяца | Официант 3-5 разрядов | Подготовка и повышение квалификации обслуживающего персонала предприятий общественного питания и предприятий гостиничного хозяйства |
| 3. | Бармен | 3 месяца | Бармен 3-4 разрядов | Подготовка и повышение квалификации обслуживающего персонала предприятий общественного питания и предприятий гостиничного хозяйства |

**Приём документов с 1 июня по 26 августа 2015 г.**
**Перечень документов**

| | |
|---|---|
| 1. Аттестат (подлинник, копия) | 5. Конверт – 2 шт. |
| 2. Медицинская справка (форма 086У) | 6. Страховой мед. полис (копия) |
| 3. Справка о составе семьи | 7. Копия паспорта и свид. о рождении |
| 4. Фотография (3х4) – 6 шт. | 8. ИНН (копия), пенс. страх. свид. (копия) |

**Приём осуществляется по результатам ЕГЭ, ИГА (без экзаменов).**

1-й поток – 26-28 августа 2015 г., 2-й поток – до 4 сентября 2015 г.

**Учащимся дневного отделения выплачивается стипендия, соц. стипендия малообеспеченным и сиротам. Бесплатный обед, общежитие. Имеется медпункт, стоматологический кабинет, спорткомплекс. Учёба засчитывается в трудовой стаж.**
**Лучшие учащиеся проходят практику на предприятиях КБР и Черноморского побережья.**
**Адрес: г. Нальчик, ул. Идарова, 139. Тел.: 91-10-68, 91-18-32, 91-33-76.**
**Наш сайт: kbttk.ucoz.ru. Эл. адрес: kbttl@rambler.ru**


● Шахматхэр

# КъыкIэлъыкIуэ зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

**Бадзэуэгъуэм и 10-м «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекIуэкIащ шахматхэмкIэ дуней псом куэдрэ и чемпион хъуа Карпов Анатолий и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ УИС-м и лэжьакIуэхэм я урысейпсо зэпеуэм и япэ Iыхьэр. Абы хэтащ Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. Абы бжьыпэр щиубыдащ тезырхэр ягъэзэкIуэжынымрэ нэгъуэщI уголовно-правовой Iэмалхэр къэгъэсэбэпынымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и капитан ЦIагъуэ Азэмэт. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ тезырхэр зэрырахьэкIым кIэлъыплъынымрэ нэгъуэщI уголовно-правовой Iэмалхэр къэгъэсэбэпынымкIэ къудамэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Теувэжыкъуэ Мухьэдин, Тырныауз къалэмрэ Iуащхьэмахуэ куеймкIэ инспектор нэхъыжь, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Будаев Асхьэт ещанэ хъуащ.

ЗыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм къадэкIуэу, ЦIагъуэ Азэмэтрэ Теувэжыкъуэ Мухьэдинрэ шахматхэмкIэ ещанэ спорт разрядым и пщалъэхэр ягъэзэщIащ.

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и уголовно-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и унафэщI Абыдэ Алим зэпеуэм щытекIуахэм щIыхь тхылъхэр яритри, зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну ехъуэхъуащ. Ар екIуэкIынущ бадзэуэгъуэм и 24-м.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Лэскэн щIыналъэ

# Хэт и макъ нэхъ дахэ?

**Лэскэн щIыналъэ администрацэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, Арщыдан дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIащ художественнэ самодеятельностымкIэ гупхэм я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ щIыналъэм ит курыт школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэр. ТекIуэныгъэ иныр илъэс 70 зэрырикъум теухуа зэпеуэм щагъэзэщIащ зауэ лъэхъэнэм зэхалъхьа, хэкупсэ мыхьэнэ ин зиIэ уэрэдхэр.**

СЫХЬЭТ зыбжанэкIэ зэкIэлъыкIуэу екIуэкIа хор зэпеуэм хэтахэми абыхэм еплъахэми я гукъыдэжыр къиIэтащ, Хэкумрэ лъахэмрэ лъытэн, хъумэн зэрыхуейр нэхъри гурэ псэкIэ зыхащIэну Iэмал къаритащ. УэрэджыIакIуэ гупхэм я зэфIэкIыр даIыгъащ щIыналъэ, жылагъуэ администрацэхэм я унафэщIхэм.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм

### Судыр къапоплъэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэм Iэ щIидзащ Iэрэмысэ ТIэхьиррэ Къуэдзокъуэ Аланрэ яхуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ахэр ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «б» пунктым, 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьам папщIэ (мылъкушхуэ къызэрадыгъуам, мылъкушхуэ къадыгъуну зэрыхэтам къыхэкIыу). Абы къыдэкIуэу, банкым и щэхухэр хуимыту хэIущIыIу зэрищIамкIи Iэрэмысэр ягъэкъуаншэ (УФ-м и УК-м и 183-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэ).

Уголовнэ Iуэхум къызэрыхэщымкIэ, Урысейм и ХъумапIэ банкым и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Iэрэмысэ ТIэхьир, банкым ахъшэшхуэ щызыIыгъхэр компьютер IэмалкIэ игъэбелджылыри, щIыпIэ куэд зэщIэзыгъэхьэ банкым (мобильный банк) и Iуэхутхьэбзэхэр къызэрагъэсэбэп я картэхэм, телефонхэм я номерхэр, я паспортым, ахъшэ бжыгъэм ятеухуа хъыбархэр и цIыхугъэ Къуэдзокъуэ Алан иритащ. ИужькIэ, ахэр къагъэсэбэпри, цIыхуищым сом мелуани 2,6-м щIигъу къыфIадыгъуащ.

Ахъшэр зыфIэкIуэдахэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм зыщыхуагъазэм, щIэпхъаджагъэр къыщIэщащ. Iуэхур зэхагъэкIа нэужь, Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ, Iэрэмысэр лэжьапIэм IуагъэкIащ, бзаджащIэхэм къадыгъуар зэрыщыту япшыныжащ.

Щыхэплъэн щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым ягъэхьащ.

### Жэуапым ирашалIэ

ЦIыхухэм зэрызыхуагъазэм зэрыхэплъэ щIыкIэм и IуэхукIэ законодательствэр Шэджэм щIыналъэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и IэнатIэхэм мы гъэм и мазитхум зэрагъэзэщIар районым и прокуратурэм къипщытащ.

А лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым къызэрахутамкIэ, Шэджэм Ипщэ, Нартан, Яныкъуей, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэхэм, Шэджэм къалэм я щIыпIэ администрацэхэм, хабзэкIэ ягъэува махуэ щэщI пIалъэм кърикубыдэу, цIыхухэм зэрызыхуагъазэм щыхэплъэркъым, лъэныкъуэ псори къалъытэу, зэIухауэ щызэпкърахыркъым. Языныкъуэ щIыпIэ администрацэхэм цIыхухэр тэмэму щрагъэблагъэркъым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, къыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну къалэн ящызыщI тхылъхэр щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм хуатхащ, цIыхуищым административнэ жэуап ирагъэхьащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

# Хъыбар гуэр фщIэмэ

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм къелъыхъуэ УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу ягъэкъуаншэ Пекъу Марат Разиуан и къуэр.



Ар 1988 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м къыщалъхуащ Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм, щыпсэури аращ.

**И теплъэр**: илъэс 25-30 ептынщ, см 170-175-рэ и лъагагъщ, Iэпкълъэпкъ зэIэщIэлъщ, и щхьэцыр фIыцIэщ, кIэщIщ.

**ПщIэ зыхуэтщIхэ!**

Пекъу Марат Разиуан и къуэм и хэщIапIэр зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86634) 4-11-11 е 02.


**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Чэрим Марьянэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3, 6-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(2, 4, 5-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00 -рщ.**

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1216